

Gid Rapid

SNAP Verifikasyon

Dokiman ki manke, ki pa konplè, oswa ki difisil pou li kapab retade pwosesis aplikasyon SNAP ou a. Itilize gid sa a pou verifye prèv ou yo anvan ou soumèt yo.



Jwenn Sa Ou Bezwen



- **Prèv Revni**
- **Prèv Depans**
- **Kontwol Kalite pou Dokiman**
- **Fason pou Soumèt**



Department of
Transitional
Assistance

Revni

<i>Estatè Prèv</i>	<i>Tip Revni</i>	<i>Dokiman ou Kapab Montre</i>
☐ Genyen ☐ Bezwen ☐ Pa Aplike	Revni nan travay kantite lè travay pou tout fwaye a manm	Souch chèk oswa fichye peman pou 4 dènye semèn yo. foto ekran; oswa yon lèt siyen anplwayè a ki montre revni brit ak lè travay pou 4 dènye semèn ki sot pase yo. Souch chèk yo dwe enkli tou non anplwayè a, non anplwaye a ak dat li te travay yo.
☐ Genyen ☐ Bezwen ☐ Pa Aplike	Lòt revni pou tout manm fwaye a	Lèt benefis; chèk oswa dokiman peman; lèt siyen ki montre montan brit* ak frekans peman yo. DTA ka verifye kèk revni atravè sistèm ki disponib yo. Egzanp lòt revni enkli Konpansasyon travayè, Konje Peye pou Fanmi, benefis pou veteran, pansyon, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè, ak revni nan men yon lòt moun pou ede ou peye bòdwo w yo.

*Montan brit la (oswa salè brit) se montan total ou touche pandan yon peryòd peman anvan yo retire tout taks, benefis oswa lòt dediksyon.

Depans pou Fwaye W la

Yo pral poze w kesyon sou depans pou Fwaye W la. Si w deklare depans sa yo, ou kapab bezwen bay prèv.



Bay enfòmasyon sa yo ede DTA detèmine epi maksimize benefis ou yo.

Estatè Prè	TIP DEPANS	Dokiman ou Kapab Montre
☐ Genyen ☐ Bezwen ☐ Pa Aplike	Depans pou lojman	Èske w ap peye lwaye oswa ou rete lakay zanmi oswa fanmi? Montre yon resi lwaye, yon kontra lokasyon, yon deklarasyon pwopriyete a, oswa yon lèt siyen moun w ap peye a ki montre sa ou responsab pou peye. Èske ou se pwopriete kay ou a? Montre resi ipotèk ou a, oswa ipotèk la si se yon bòdwo ki gen rapò ak sèvis itilite tankou taks sou pwopriyete, asirans pwopriyete kay oswa frè asosyasyon pwopriyete kay.
☐ Genyen ☐ Bezwen ☐ Pa Aplike	Depans pou sèvis itilite	Bòdwo sèvis itilite tankou gaz, elektrisite oswa telefòn. Oswa yon kontra lwaye ki montre sèvis itilite ke ou responsab pou peye. Si w gen sèvis itilite ki pa sou non w, bay yon lèt siyen moun w ap peye a ki montre ki espesifik sèvis itilite ou responsab pou peye. <i>Konsèy: Pou maksimize dediksyon w pou sèvis itilite yo, tanpri enkli (oswa di nou) si bòdwo elektrisite w la genyen ladan l frè pou chofaj, klimatizè (AC), oswa si w peye yon frè pou AC.</i>
☐ Genyen ☐ Bezwen ☐ Pa Aplike	Depans pou swen depandan	Lèt founisè a ki montre montan ak frekans oswa resi
☐ Genyen ☐ Bezwen ☐ Pa Aplike	Depans medikal (granmoun aje oswa andikape)	Relve famasi, bòdwo, oswa resi

Okenn bòdwo, kontra lwaye, oswa resi nan non w?

Si w peye yon moun dirèkteman pou lojman, sèvis itilite, swen pou depandan, oswa yon lòt depans, mande moun sa a pou li ekri epi siyen yon lèt tou kout.

Lèt la dwe enkli:

- rezon pou peman an;
- montan ou peye a;
- nan ki frekans ou peye li; ak
- kisa ki enkli nan peman an.

Sa ka ede DTA konprann depans lan si w pa gen yon bòdwo, yon kontra lwaye, yon resi, oswa yon lòt dokiman nan non ou.

June 22, 2026

To: MA DTA

Gina Smith lives with me at
123 Oak St, Springfield, MA.

She pays me \$1,200/month
for her share of the rent.



Trash and water included.

Sincerely,


Maria Lopez
(Gina Smith's sister)

Anvan ou soumèt, verifye:



Èske dokiman w lan klè epi fasil pou li?



Èske non, dat ak montan yo enkli epi vizib?



Èske deklarasyon yo oswa lèt yo siyen epi konplè?



Anvan ou soumèt, verifeye:

Èske tout enfòmasyon yo vizib (pa gen anyen ki koupe?)



PINE RIDGE — ELECTRIC —
Powering Our Community

BILL DATE
May 20, 2026

BILL TO:
Jack Smith
123 Maple Street
Oak Hill, MA 01755

AMOUNT DUE
\$112.00

DUE DATE
June 6, 2026

Thank you for being a valued customer!



PINE RIDGE — ELECTRIC —
Powering Our Community

BILL DATE
May 20, 2026

TO:
c Smith
Maple Street
Hill, MA 01755

AMOUNT DUE
\$112.00

DUE DATE
June 6, 2026

Thank you for being a valued customer!

Èske souch chèk oswa dokiman anplwayè yo montre detay obligatwa yo (non, anplwayè, dat, ak lè)?



== PAY STUB ==

EMPLOYEE: Jack Smith | **EMPLOYER:** Good Eats | **PAY PERIOD:** May 12 – May 18, 2026

DESCRIPTION	HOURS	RATE	CURRENT AMOUNT
Hours Worked	5.00	\$20.28	\$101.40
Tips			\$50.00

GROSS PAY **\$151.40**



[Redacted]

Hours Worked	5.00	\$20.28	\$101.40
Tips			\$50.00

GROSS PAY **\$151.40**

Si w ap voye l pa lapòs oswa pa faks, èske ou te mete non w ak nimewo idantifikasyon ajans ou sou chak paj?



She also helps pay the elect

Sincerely,
Maria Lopez
(Gina Smith's sister)

Name: Gina Smith
Agency ID: 4827193



She pays me for her sha

She also helps pay the elec

Sincerely,
(Gina Smith's sister)

Fason pou voye prèw ou yo bay DTA



Anliy: Telechaje nan itilize aplikasyon DTA Connect oswa sitwèb la



Lapòs: DTA Document Processing Center,
PO Box 4406, Taunton, MA 02780



Faks: (617) 887-8765



An pèsòn: Depoze li nan yon biwo lokal DTA

DTA ka fè yon suivi pou verifye si gen enfòmasyon ki manke,
pa klè, oswa pa koresponn ak lòt done yo.



Si w panse ou ka bezwen èd, jis mande!

Si ou se yon aplikan oswa yon moun k ap resevwa SNAP,
rele DTA Assistance Line lan nan **(877) 382-2363**.



Department of
Transitional
Assistance